

Kisa pou w fè pou Kè plen ak Vomisman

Kè plen se yon sansasyon dezagreyab nan fon gòj ou ak lestomak ou ki ka mennen nan vomisman. Gen kèk lòt fason moun dekri kè plen yo “mal nan lestomak”, “anlè”, oswa “vant fè mal.”

Moun yo souvan rele vomisman “vomi.” Li rive lè misk lestomak ou kontrakte epi pouse sa ki nan vant soti atravè bouch ou.

Kè plen ak vomisman ka efè segondè komen pou moun k ap resevwa tretman pou kansè. Ou pa bezwen enkyete w. Gen anpil medikaman ki mache byen pou kontwole yo.



Ki sa ki lakòz kè plen ak vomisman?

Anpil bagay ka lakòz kè plen ak vomisman kay yon moun ki gen kansè, sa yo enkli:

- Tretman kansè, tankou chimyoterapi, terapi radyasyon, oswa iminoterapi
- Kansè ki afekte sèvo oswa abdomen (vant)
- Gen kèk medikaman, tankou sa ki pou doulè yo
- Blokaj nan yon pati nan trip la
- Anksyete
- Dezidratasyon
- Enfeksyon

Pifò nan tan an, efè segondè sa yo pa dire lontan epi ale lè tretman an fini.



Èske kè plen ak vomisman ka lakòz lòt pwoblèm?

Lè kè plen ak vomisman yo grav oswa dire lontan, ou ka gen difikilte pou w fè sa w bezwen fè. Yo kapab tou fè li difisil pou w jwenn tretman kansè ou bezwen an.

Vomisman ka mennen nan dezidratasyon, ki se yon mank de likid ak mineral ki nesèsè nan kò w. Li kapab tou fè w santi w fatige, gen pwoblèm panse, geri pi dousman, pèdi pwa, epi yo pa anvi manje. Efè segondè sa yo ta dwe trete imedyatman pou ede w kenbe pwa w ak enèji w epi pou evite chanjman nan plan tretman w.



Kijan yo trete kè plen ak vomisman?

Medikaman ki itilize pou ede anpeche oswa kontwole kè plen souvan rele medikaman anti-kè plen ak vomisman. Ou ka tande yo rele tou antiemetik. Chak moun ki resevwa tretman kansè ki ka lakòz kè plen ak vomisman ka epi ta dwe trete pou efè segondè sa yo.

Medikaman kont kè plen ak vomisman yo anjeneral bay sou yon orè regilye oswa “de fason kontinyèl.” Nan ka sa a, w ap pran yo menm si w pa santi w malad. Men pafwa ou ka pran yo selon yon kalandriye lè sa nesèsè. W ap pran medikaman an nan premye siy kè plen an pou anpeche li vin pi mal. Pafwa, 2 oswa plizyè medikaman konn itilize an menm tan.



Kisa w ka fè pou ede w jere kè plen ak vomisman?

Pou ede diminye kè plen ak vomisman si w ap resevwa tretman kansè:

- Asire w ke w manje nan jou w ap resevwa tretman. Pifò moun panse ke yon repa lejè oswa ti goute anvan tretman meyè.
- Eseye manje ak bwason ki “fasil pou lestomak lan” oswa ki te fè w santi w byen lè w te malad oparavan. Sa yo se souvan bagay tankou soda jenjanm, manje fad, sirèt su, ak ti biskwit sèk oswa pen griye.
- Mete rad ki lach.

- Fè ekip swen kansè w konnen lè medikaman kont kè plen ak vomisman w lan pa mache ankò. Ou ka oblije eseye kèk medikaman diferan pou w jwenn medikaman ki pi bon pou ou an.
- Limite son, imaj ak odè ki lakòz kè plen ak vomisman.
- Pale ak ekip swen kansè w de lòt bagay ou ka eseye, tankou ipnoz, byofidbak, oswa imaj gide.

Eseye manje osi byen ke posib pandan ak apre tretman kansè an.

- Pa twò di ak tèt ou si w pa ka manje. Eseye manje ti manje oswa ti goute pandan tout jounen an olye de 3 gwo manje.
- Ajoute kalori siplemantè ak pwoteyin nan manje yo. Sipleman nitrisyon yo fasil pou pran epi yo ka ede pandan tan sa a. Eseye diferan mak ak gou nan sipleman yo chèche konnen kiyès nan yo ki pi gou epi ki mache pi byen pou ou.
- Manje manje ke w renmen.
- Eseye manje ki frèt oswa ki nan tanperati anbyan.
- Pwofite byen de jou lè w santi w byen e ke w vle manje. Men, koute kò w. Pa fòse tèt ou manje.
- Mande fanmi w ak zanmi w pou ede w fè makèt ak kwit manje.
- Kenbe bouch ou pwòp. Bwose dan w epi rense bouch ou chak fwa ou vomi.



Kilè pou pale ak ekip swen kansè w

Kè plen ak vomisman ka efè segondè nan tretman kansè w, men yo ananjeneral ka kontwole. Pale ak ekip swen kansè w sou sa ki lakòz kè plen w ak vomisman w ak sa ou ka fè kont yo. Fè yo konnen sa ki amelyore oswa fè yo vin pi mal. Rete dispoze pou kolabore ak yo pou yo ka jwenn meyè medikaman kont kè plen ak vomisman pou ou.

Rele ekip swen kansè w imedyatman si ou:

- Gen efè segondè de medikaman kont kè plen ak vomisman yo
- Te pwobableman respire kèk nan vomisman w
- Te vomi pwobableman pandan 2 a 3 jou
- Pa ka kenbe medikaman yo nan lestomak ou
- Pa ka pran plis pase 4 vè likid oswa glas pile pa jou
- Pa manje pou plis pase 2 jou
- Pèdi 2 liv oswa plis nan 1 a 2 jou (sa vle di w ap pèdi dlo byen vit epi w ka vin dezidrate.)
- Ap pipi jòn fonsè oswa pa pipi souvan oswa otan ke dabitid



Lè pou rele 911 oswa ale nan Ijans

Rele 911 oswa ale nan ijans si ou:

- Ap vomi san oswa sibstans ki sanble ak ma kafe
- Vin fèb, gen vètij, oswa twouble



Pou plis enfòmasyon ak sipò, vizite sit entènèt American Cancer Society nan cancer.org/haitiancreole oswa rele nou nan **1-800-227-2345**.
Nou la lè w bezwen nou.